



Pou Piblikasyon Imedya: 27/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU DESIZYON TRIBINAL SIPRÈM KONSÈNAN MORATWA SOU EKSPILSYON

"Mwen desi anpil pou desizyon deplorab ak ensansib Tribinal Siprèm lan ki elimine yon liy defans prensipal pou lokatè yo k ap fè fas ak ensekirite lojman pandan pandemi aktyèl la epi n ap eksplòre tout opsyon pou pwoteje plis Nouyòkè yo kont ekspilsyon, ansanm avèk lidè lejislatif yo.

Li enpòtan pou Nouyòkè yo konnen ke nenpòt moun ki aplike pou pwogram soulajman lwaye a pral otomatikman pwoteje kont ekspilsyon pandan aplikasyon li a annatant. Plis pase 800 milyon dola te deja debouse oswa pare kounye a pou mèt kay yo aksepte nan non lokatè yo. Plis pase 1 milya dola rete disponib pou soulajman epi resous yo disponib atravè òganizasyon kominotè yo pou ede Nouyòkè yo aplike, resevwa pwoteksyon kont ekspilsyon ak peye lwaye yo. Nouyòkè yo dwe ranpli ak soumèt aplikasyon yo touswit. Se yon bagay ijan".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)